

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan, implikasi jeung rékoméndasi panalungtikan.

5.1 Kacindekan

Hasil analisis jeung dèskripsi data nu geus dilakukeun dina bab saméméhna ngeunaan kalimah salancar jembar dina Novel *Béntang Hariring* karya Dian Hèndrayana bisa dicindekkeun sacara jèntèrè saperti di handap ieu.

Kahiji, dumasar kana hasil analisis data dina novel *Béntang Hariring* karya Dian Hèndrayana kapaluruh aya 98 kalimah salancar jembar nu ngawengku dumasar kana wujud pragmatisna aya 78 wujud wawaran, 7 wujud pananya, 6 wujud parèntah, 7 wujud panyeluk.

Kadua, hasil analisis data dina novel *Béntang Hariring* karya Dian Hèndrayana kapaluruh aya 7 pola utama di antarana: pola utama 1 J+C+K aya (31) kalimah (subpola 1A: J+K+C aya 5 kalimah, subpola 1B K+J+C aya 14 kalimah), pola utama 2 J+C+U+K aya (8) kalimah (subpola 2A: J+K+C+U aya 4 kalimah, subpola 2B: K+J+C+U aya 5 kalimah), pola utama 3 J+C+P+K aya (3) kalimah (subpola 3A: J+C+K+P aya 6 kalimah, subpola 3B: J+K+C+P aya 1 kalimah, subpola 3C: K+J+C+P aya 8 kalimah) pola utama 4 J+C+U+K+P aya (1) kalimah, pola utama 5 K+J+C+K aya (8) kalimah, pola utama 6 K+J+C+K+U aya (1) kalimah (subpola 6A: K+J+K+C+U aya 1 kalimah) jeung pola utama 7 K+J+C+K+P aya 2 kalimah.

Katilu, hasil analisis data dina novel *Béntang Hariring* karya Dian Hèndrayana dkapaluruh nu dumasar kana harti pragmatisna, 1) wujud wawaran nu ngawengku harti pragmatis iber aya (51) kalimah, harti pragmatis nganteb aya (26) kalimah, jeung harti pragmatis ngajak aya (1) kalimah. 2) wujud pananya nu ngawengku harti pragmatis waktu aya (1) kalimah, harti pragamtis rasa aya (2) kalimah, harti pragmatis kalakuan aya (2) kalimah, harti pagmatis asal aya (1) kalimah jeung, harti pragmatis tempat aya (1). 3) wujud panitah nu ngawengku harti pragmatis nitah aya (2) kalimah, harti pragmatis pamaksa aya (1) kalimah, harti pragmatis anjuran aya (2) jeung harti pragmatis pangajak aya (1). 4) wujud panyeluk nu ngawengku harti

pragmatis katengtrem aya (2) kalimah, harti pragmatis kahariwang aya (3) kalimah, harti pragmatis kagumbira aya (1) kalimah, harti pragmatis pangwilujeng aya (1) kalimah.

Dumasar kana hasil analisis nu geus dipedar di luhur, bisa dicindekkeun yèn wujud jeung harti pragmatik kalimah salancar jembar nu aya dina novel *Bèntang Hariring* karya Dian Hèndrayana leuwih loba nu ngawujud kalimah wawaran nu miboga harti pragmatis iber jeung nganteb. Sedengkeun adegan kalimah salancar jembar leuwih loba ngagunakeun pola utama nyaéta J+C+K.

5.2 Implikasi

Panalungtik miharep dina ieu panalungtikan, nu maluruh wujud jeung harti pragmatis kalimah salancar jembar dina novel *Bèntang Hariring* karya Dian Hèndrayana tèh bisa méré implikasi pangaweruh ka pamaca sangkan bisa maham kana ma'na atawa harti omongan nu dikedalkeun ku panyatur. Salian ti éta dipiharep ngaronjatkeun kamampu nyusun kalimah basa Sunda nu luyu jeung strukurna, hususna ka para pangatik jeung mahasiswa.

5.3 Rekomendasi

Sabada dilaksanakeun ieu panalungtikan, aya sababaraha rèkomèndasi nu ditepikeun ku panalungtik pikeun ka hareupna. Di antarana:

- 1) Panalungtikan ieu nu medar wujud jeung harti pragmatis kalimah salancar jembar dina novel *Bèntang Hariring* karya Dian Hèndrayana pikeun panalungtik satuluyna, masih bisa ngalaksanakeun panalungtikan nu patalina jeung kalimah salancar jembar kalawan ngagunakeun sumber nu sèjèn jeung diulik dumasar kana èlmu kalimah nu sèjènna.
- 2) Dina panalungtikan ieu ukur medar wujud jeung harti pragmatis dina kalimah salancar jembar. Ku kituna, pikeun panalungtikan nu sèjènna perlu dilegaan deui ambahanna hususna nu patalina jeung èlmu pragmatik.
- 3) Panalungtikan ieu medar wujud jeung harti pragmatis kalimah salancar jembar dina novel *Bèntang Hariring* karya Dian Hèndrayana. Jaba ti kitu, panalungtikan sèjèn bisa nalungtik wujud jeung harti pragmatis dina omongan nu sacara langsung kajadian di lapangan.